



Konsèy pou Vwayaj: ICE nan Ayewopò yo

Haitian Creole • July 2026

Fè yon plan sekirite si sa nesesè

Si ou gen yon dosye imigrasyon k ap kontinye, konsidere pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou vwayaje oswa ale nan yon ayewopò.



Kenbe nimewo telefòn yon avoka, yon zanmi, yon manm fanmi, oswa yon lòt kontak ijans sou ou. Eseye aprann yo pa kè oswa pote yo avèk ou.



Pataje kote ou ye a ak yon zanmi ou fè konfyans, yon manm fanmi, oswa yon kontak ijans.



Pataje enfòmasyon sou vòl ou ak yon zanmi ou fè konfyans, yon manm fanmi, oswa yon kontak ijans.

Konsiderasyon espesyal pou paran yo

Fanmi yo ka konsidere deziyen yon adilt yo fè konfyans pou pran swen pitit yo atravè yon deziyasyon oswa yon pwosesis pou chwazi yon gadyen legal. Nou ankouraje anpil pou konsilte ak yon avoka anvan ou pran etap sa yo pou konprann sa ki pi bon pou fanmi w.

Pou plis enfòmasyon, gade feyè nou an - Resous pou Paran Imigran ak Moun k ap Pran Swen Timoun yo lè w eskane Kòd QR la oswa vizite: www.nyc.gov/knowyourrights



Pou konsèy ki espesifik ak sitiyasyon pa w la, tanpri rele Liy Dirèk pou Sipò Legal sou Imigrasyon MOIA a, ke Vil la finance, ki gratis epi ki an sekirite, pou jwenn enfòmasyon sou fason ak kote pou jwenn èd legal sou imigrasyon. Èd legal gratis disponib pou rezidan Vil Nouyòk ki satisfè sèten kondisyon sou revni.

800-354-0365



Konsèy pou Vwayaj: ICE nan Ayewopò yo

Haitian Creole • July 2026

Pote kopi papye dokiman enpòtan yo



Prèv estati legal ou, tankou yon viza ki valab, yon kat rezidan pèmanan (green card), yon pèmi travay, oswa avi resi pou nenpòt aplikasyon ki poko fini.



Kopi sètifye ki enpòtan nan lòd tribinal kriminel yo, si dosye ou a te fèmen. Konsilte ak yon avoka imigrasyon pou konnen ki dokiman ki enpòtan pou sitiyasyon pa w la.



Tikè avyon w oswa kat anbakman w.

Enfòmasyon sa yo se pou objektif edikasyon jeneral sèlman epi yo pa reprezante konsèy legal. Si oumenm oswa yon moun ou konnen gen enkyetid konsènan sitiyasyon imigrasyon li epi li planifye vwayaje, nou ankouraje anpil pou pale ak yon avoka imigrasyon anvan vwayaj la.